



American Heart Association®

Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™

Konprann Operasyon Ki Kapab Rekòmande pou Jesyon Pwa



**Pwa se yon pati enpòtan nan sante
kadyovaskilè-ren-metabolik ou (sante CKM).**

Sante CKM fè referans ak fason kè w, ren w yo ak sistèm metabolik ou a (fason kò w pwodui, konsève ak itilize enèji) travay ansanm. Genyen anpil fason pou jere pwa, epi yon premye etap enpòtan se pale ak ekip swen sante w la.

Pwofesyonèl swen sante w la ka rekòmande operasyon, ki souvan rele operasyon baryatrik oswa metabolik, kòm yon opsyon pou jere pwa ak pou soutni sante metabolik ou, si lòt metòd yo pa te fonksyone oswa si ou satisfè sèten kritè sante. Li enpòtan pou konprann operasyon baryatrik oswa metabolik ka efikas anpil, men li pa yon rakousi, epi li mande angajman tout lavi ak swen swivi.

Pou kèk moun, operasyon an ka yon zouti ki san danje epi efikas pou pèdi pwa ak pou amelyore sante ak kalite lavi a. Yon chirijyen baryatrik se yon doktè ki gen fòmasyon nan trete obezite ki ka eksplike opsyon w yo, diskite sou objektif ou yo, epi gide w pou chwazi sa ki apwopriye pou ou a.

Pèdi pwa

Lè w pèdi pwa sa ka amelyore oswa ede jere plizyè pwoblèm sante, ki gen ladan:



**Nivo
kolestewòl
wo**



**Tansyon
wo**



**Dyabèt
tip 2**



**Apne somèy
obstriktiv**



**Maladi fwa esteyatozik
ki asosye ak yon
disfonksyonman
metabolik**

Li ka bese tou risk pou maladi kè, estwòk ak maladi ren.

heart.org/UnderstandingWeight “(sitwèb la an Anglè)

Tip Operasyon pou Pèdi Pwa



OPERASYON	SA LI FÈ:	AVANTAJ:	KÈK BAGAY POU KONSIDERE:
Ano Gastrik Ajistab pa Lapawoskopi ("Lap Band")	Mete yon ano toupatou pati anwo lestoma a pou limite ki kantite manje ou ka manje alafwa.	- Mwens envazif avèk yon retablisman pi rapid - Ano a ka ajiste oswa retire - An mwayèn, moun ka pèdi apeprè 46% nan eksè pwa yo a	- Jeneralman gen mwens enpak sou pèt pwa ak faktè sante CKM yo pase lòt pwosedi yo - Ano a ka glise oswa lakòz iritasyon ak epi andomaje lestoma a - Souvan bezwen lòt operasyon ak letan
Gastrektomi an Manch	Retire pifò nan lestoma a, kite yon "manch" sere apeprè gwoès yon fig, sa ki ede w santi vant ou plen pi bonè.	- An mwayèn moun kapab pèdi jiska 57% nan eksè pwa yo - Ka amelyore faktè sante ki lye ak CKM yo	- Pa ka chanje (byenke lòt pwosedi kapab posib nan pita) - Kapab ogmante reflè asid (kè brile) - Mande sipleman vitamin tout lavi ak swen swivi regilye
Pontaj Gastrik (Roux-en-Y)	Li kreye yon ti pòch lestoma epi modifye trajè yon pati nan estesten an, sa ki ede w manje mwens epi absòbe mwen kalori.	- An mwayèn moun kapab pèdi omwen 55% nan eksè pwa yo - Ka amelyore faktè sante ki lye ak CKM yo - Ka ede jere pwoblèm tankou Dyabèt tip 2, tansyon wo, ak kolestewòl ki pa nòmal	- Se yon gwo operasyon - Bezwen sipleman vitamin pandan tout lavi ak kontwòl sante regilye - Risk konplikasyon tankou trip bouche, ilsè lestomak ak "sendwòm dumping" (santiman kè plen apre moun nan fin manje bagay sik)
Derivasyon Bilyopankreatik avèk Switch Dyodenal (BPD-DS)	Li konbine yon gastrektomi ak manch ki gen yon pontaj nan entesten yo, sa ki redui grangou, alafwa konsomasyon manje ak absòbsyon kalori.	- An mwayèn, moun ka pèdi apeprè 71-75% nan eksè pwa yo a - Ka amelyore faktè sante ki lye ak CKM yo plis pase lòt pwosedi yo	- Pifò pwosedi konplèks; pafwa ki fèt pa etap - Sa mande depistaj pwolonje pou kalifye - Plis risk pou bèss vitamin ak nitriman - Mande sipleman vitamin tout lavi ak swen medikal regilye

Kontinye Abitid Ki Bon Pou Sante Operasyon An

Operasyon pou pèdi pwa a se yon zouti pisan, men reyisit alontèm li depann tou de abitid ki bon pou sante yo. Etap sa yo ka ede w rete sou wout la:



Pran vitamin yo preskri yo chak jou pou anpeche mank (tankou nan fè, kalsyòm, ak B12)



Suiv plan alimantè ki rekòmande a epi sispann manje lè ou santi vant ou plen



Chwazi manje ki gen anpil nitriman tankou pwoteyin ki pa gen anpil grès, legim, ak fwi



Rete aktif avèk mouvman regilye, tankou mache



Patisipe nan vizit suivi yo avèk ekip swen ou an


Abitid sa yo ka ankouraje pèt pwa alontèm, amelyore sante jeneral la, epi ede w santi w nan tout fòm ou.

Ou pa nan sa poukont ou nan desizyon sa a.

Chwa operasyon an se yon gwo desizyon—men ou pa bezwen pran l poukont ou. Espesyalis baryatrik ou an ak ekip swen sante yo la pou gide w, reponn kesyon w yo, epi soutni objektif ou yo.

Nenpòt wout ou chwazi, ou merite swen ki soutni sante w ak byennèt ou. Ansanm, ou menm ak ekip swen w lan ka jwenn yon apwòch ki san danje, efikas, epi apwopriye pou ou.

Pou aprann plis, vizite heart.org/UnderstandingWeight (sitwèb la an Anglè).



heart.org/UnderstandingWeight (sitwèb la an Anglè)



Lilly se yon esponsò Chanpyon nan Inisyativ Sante Kadyovaskilè, Ren, Metabolik American Heart Association an.